Qabul qilindi: 15.05.2025 Chop etildi: 30.06.2025 UDK: 821.51

# ПЕЙЗАЖЛЫҚ ОБРАЗ ЖАСАЎДАҒЫ ЖАЗЫЎШЫ ШЕБЕРЛИГИ

***Сейтниязов Турсынбай, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты еркин изленийўшиси***

# МАНЗАРА ОБРАЗИ ЯРАТИШДАГИ ЁЗУВЧИ МАҲОРАТИ

***Сейтниязов Турсынбай, Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти мустақил изланувчиси***

# A WRITER'S SKILL IN CREATING LANDSCAPE IMAGES

***Tursinboy Seytniyazov, Independent researcher Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz***

# МАСТЕРСТВО ПИСАТЕЛЯ В СОЗДАНИИ ПЕЙЗАЖНОГО ОБРАЗА

***Сейтниязов Турсынбай, самостоятельный исследователь Нукусского государственного педагогического института имени Ажинияза***



**https://orcid.org/0009-0007-5151-0739**
***e-mail: seytniyazovtursinbay@gmail.com***

***Аннотация:*** *Мақалада қарақалпақ прозасындағы пейзажлық сүўретлеўдиң өзгешелиги ҳәм қаҳарман көзқарасы ҳаққында илимий теориялық жақтан пикирлер берилген. Қарақалпақ әдебиятындағы пейзажлық сүўретлеўге инсан характериниң тәсири, сондай-ақ, қаҳарман көзқарасының тәбият пенен байланысы анализленген.*

***Таяныш сөзлер:*** *әдебият, тәбият, пейзаж, проза, образ, характер, көз қарас.*

***Аннотация:*** *Мақолада қорақалпоқ прозасидаги пейзаж тасвирининг ўзига хослиги ва қаҳрамон нуқтаи назари ҳақида илмий-назарий фикрлар берилган. Қорақалпоқ адабиётидаги пейзаж тасвирига инсон характерининг таъсири, шунингдек, қаҳрамон нуқтаи назарининг табиат билан боғлиқлиги таҳлил қилинган.*

***Таянч сўзлар:*** *адабиёт, табиат, пейзаж, наср, образ, характер, қараш.*

***Annotation:*** *The article presents scientific and theoretical perspectives on the specifics of landscape depiction in Karakalpak prose and the character's perspective. The influence of human character on landscape depiction in Karakalpak literature, as well as the connection between the hero's perspective and nature, has been analyzed.*

***Keywords:*** *literature, nature, landscape, prose, image, character, perspective.*

***Аннотация:*** *В статье представлены научно-теоретические взгляды на особенности пейзажного изображения в каракалпакской прозе и взгляд героя. Проанализировано влияние человеческого характера на пейзажное изображение в каракалпакской литературе, а также связь взгляда героя с природой.*

***Ключевые слова:*** *литература, природа, пейзаж, проза, образ, характер, взгляд.*

**КИРИСИЎ.** Пейзажлық образлар көркем шығарманың, әсиресе, эпикалық шығармалардың ажыралмас бир бөлеги есапланады. Әсиресе, пейзажлық сүўретлеўлер арқалы ўақытты, соның ишинде жыл мәўсимлерин билдириў жазыўшыдан усы мәўсимниң тәбияттағы белгилерин терең билиўин талап етеди. Мәўсимди инсанлардың, ҳәттеки, пүткил халықтың турмысы, тәғдирине байланыстырып сүўретлеў

Т.Қайыпбергеновтың романларында жийи ушырасады. "Ең жақсы тилек – өмириңниң қысы болмасын. Ең жаман тилек – өмириң мудамы қыс болып өтсин".

**МЕТОДЛАР БӨЛИМИ**. Тәбияттың қысы ҳеш гәп, қалыңырақ кийинесең, от жақсаң жылыйсаң. Қарақалпақ елиниң өмири мудамы қыс еди, ала аўызлықтың қысы еди» («Түсиниксизлер» 267-бет). Қыс адамлардың турмыс тәризи ушын ең қолайсыз мәўсим екени белгили. Бирақ инсанлар бул мәўсимнен аман-есен шығып алыўдың жолын биледи, оған ертеден таярлық көреди. Ал усы қолайсыз қаталлық адамлардың өмиринде гезлессе, олардың өмири қысқа усап кетсе не болады? Усы тәғдир пүткил халықтың басына түссе ше? Жазыўшы тарийхый өсип раўажланыў дәўиринде жүдә көп қыйыншылықлар көрип, еркинликке ерисе алмай киятырған қарақалпақ халқының өмирин қысқа мегзетеди. Бул автордың да, романның бас қаҳарманы Ерназар Алакөздиң де рухый толғаныслары еди. Жазыўшы кең дүньяқараслы ийе. Ол халқымыздың басына XVIII-XIX әсирлерде түскен трагедиялық жағдайларды қысқа мегзетеди. Усы трагедияларға себепши бириншиден, сол дәўирлерге тән болған халықлар, миллетлер аралық қарым-қатнаслар, олардың бир-бирин қәдирлемеў, мисе тутпаў сиясаты болса, екиншиден, урыўлар арасындағы алаўызлық еди. Бир миллеттиң ишинде бир неше урыўлар болып, олардың ҳәр қайсысы өзлериниң көмешине күл тартып, бир урыў екиншисиниң үстинен үстемлик етиўге умтылып атырған дәўирде ғәрезсизлик, еркинлик ҳаққында гәп болыўы мүмкин емес еди. Жазыўшы тарийхтың усы ашшы сабақларын бүгинги әўладтың есине салыў ҳәм олардың бул тәғдирди қайталамаўы ушын да жоқарыдағыдай пикир жүритеди. Ал өз дәўириниң патриоты ҳәм өзин халқының баслаўшысыман деп түсинген Ерназар Алакөз болса, бул трагедиялардың төркини бийлердиң сатқынлығында деп түсинеди. Халықтың еркинлиги, ғәрезсизлиги бийлердиң бир мақсет жолында биригиўи деп түсинген Ерназар Алакөз оларға Аҳиднамаға қол қойдырып, бир алманы бөлисип жеп те көреди. Өз дәўириниң усындай прогрессив көзқарасына ийе болған Ерназар Алакөздиң пүткил халықтың тәғдирин қысқа мегзетиўи оған шын кеўилден жаны ашығанлығының көриниси еди.

**ТАЛҚЫЛАЎ ҲӘМ НӘТИЙЖЕЛЕР.** Көркем шығармада жыл мәўсимлери анық көрсетилип, усыған сәйкес тәбият көринислериниң сүўретлениўи де көркем шығармада белгили бир функцияны орынлайды. Мәселен, XVIII әсирдиң екинши ярымында Сырдәрья бойында жасап атырған қарақалпақлар Маман бийдиң басшылығында өзлериниң ата журтына, Әмиўдәрьяның аяғына келип қонысланады. Бул жерде жаңа өмирге жаңа үмит басланады. Маман бий халықтың өсип-өниўи ушын елде бойдақ еркек, жесир ҳаял болмаўы керек, олар мәжбүрий болса да хожалық болыўы тийис, деген пәрман шығарады. Төменде елдеги усы өзгерислер бәҳәр мәўсими фонында сүўретленеди. «Әмиўдәрья аяғындағы қопалықлар арасына қонысланған қарақалпақ аўыллары үстинде де бәҳәр басланғалы әдеўир болды. Аспан ашық. Қуяшлы. Теңиз беттен әжайып бир самал еседи, жүдә жумсақ самал. Ҳәтте, жерди терлетип, үстиңги қатламын көпшитип жиберген. Күн сайын қуў қамысларға жарыса олардың түбине ийне ушлы сүйриклер шығып атыр» («Маман бий әпсанасы» 399-бет).

Бул жерде жоқарыдағы сүўретлеўдиң кериси. Бунда тәбият көринисин сүўретлеўден рәмзий мағана нәзерде тутылған. Дурыс онда бәҳәрдиң басланғаны анық айтылады. **«Аспан ашық. Қуяшлы. Теңиз беттен әжайып бир самал еседи, жүдә жумсақ самал».** Булар көп қыйыншылықлар менен ата мәканына жетип келген халықтың арзыў әрманының жақсылыққа жорылыўының мазмуны. Бәҳәр өнип-өсиў, жасарыў паслы. Бул мәўсимде барлық тиришилик ийелери өнип-өсиўге бет бурады. Жоқарыдағы текстте халықтың жаңа өмири, жаңа қонысқа көшип келип атырғандағы рухый ҳалаты **(Қарақалпақ аўыллары үстинде де бәҳәр басланғалы әдеўир болды)**, Маман бийдиң пәрманына сәйкес өнип өсиўди баслағаны **(Күн сайын қуў қамысларға жарыса олардың түбине ийне ушлы сүйриклер шығып атыр)** рәмзий мағанада көрсетип берилген. Демек, жазыўшы усы уллы идеяны төрт гәп пенен тәбият көринислерин сүўретлеў арқалы жеткерип берген. Тәбият образын жаратыўда анық мәўсим атын



TAMADDUN NURI

көрсетип-ақ үлкен мазмунлық ўазыйпаны шешиўге болатуғынын жоқарыдағы еки текстлик мысал арқалы көрип өттик.

Тәбиятa мәўсимлер алмасыўы жер ҳәм аспан денелеринде өзиниң изин қалдырып отырады. 1-март бәҳәр паслының басланыў күни болғаны менен тап усы күннен баслап бәҳәр барлық белгилери менен кирип келеди дегенди аңлатпайды. Бул адам өмириниң басқышларының алмасыўына усап кетеди. Адамларда да нәрестелик, балалық, жаслық, егеделик, ғаррылық деген басқышлардың алмасыў ўақты анық бир күн менен белгиленбеген. «Әлемге бәҳәр келип, қыстың өкшеси тайған менен, аңсатлықта бир-бирине орын бермей атыр. Гә қар, гә жаўын нәўбетлесип, ашшы қуяш шыққан бултсыз күнлери таў кәнарлары сел болып ағады, сәл салқын тартса, баяғы қәддине түседи» («Маман бий әпсанасы» 72-бет). Бул сүўретлеў арқалы мәўсимлер алмасыў пайытында ҳаўа райында бақланатуғын кескин өзгерислерди көрсетиў мақсет етилген сыяқлы көринеди. Лекин, автор бул сүўретлеўлер арқалы қарақалпақлар турмысындағы кескин өзгерислерге де ишара берип тур. Жаңакент қорғанының қурылысы басланар пайыттағы гүллән қарақалпақ бийлери бул жерге жыйналады. Олар елдиң турмысында кескин бурылыс жасаўы мүмкин болған бул қурылысты өз көзлери менен көриў ушын асығып киятыр. Бирақ барлық бийлер де бул қайырлы истиң басланыўынан қуўанып атырған жоқ. Тәбияттың бул өзгермели минезин сүўретлеп бериў менен усы қорғанның қурылысына басшылық етиў арқалы жас Маман бийдиң абройының өсип кетиўин қызғанатуғын бийлердиң (мәселен, Жандос бий) ишки рухый кеширмелериниң уйытқып (**«Гә қар, гә жаўын нәўбетлесип»**) атырғаны көрсетип берилген. Бул жерде мәўсим оның гөззаллығы ямаса ҳаўа райының өзиншелигин сүўретлеўден гөре рәмзий мазмунды аңлатыў ушын сүўретленгенин көриў мүмкин.

Тәбият пасылларының алмасыўын анық байқайтуғын оның (тәбияттың) тийкарғы перзентлери болған өсимликлер ҳәм ҳайўанатлар дүньясы. «Бәҳәр қуяшы қыздыра баслағанын сезип, түнги салқынлар менен қыраўлардан қорқып отырмастан, әптапқа алақанын жайып ашылатуғын қум баўрайларының қызғалдақлары киби, алысқа сапар тартқан көш балалары сәске пайытында кими жолым үйлерден, кими қослардан шығып, ойынға кiристи» («Ағабий», 172-бет). Шынында да тәбиятта туўылатуғын ҳәм өнип-өсетуғын өсимликлер дүньясы қашан буртик жарыў, қашан жапырақлаў ямаса қашан гүллеў кереклигин тәбийий инстинкти арқалы сезеди ҳәм сол ўақытта бундай процесслер жүз береди. Ал адамзат жәмийеттиң перзенти болғанлықтан да онда бул сезимлер жоқ. Ол өзи қәлеген ямаса санасына келген нәрсени ислеўи, сөйлеўи мүмкин. Жоқарыдағы текстте дала қызғалдақлары менен көш балаларын салыстырып қойыпты. Уқсаслықлар барма? Қызғалдақлар бәҳәр келиўи менен түнги салқын ҳәм қыраўлардан қорықпастан әтирапқа өзиниң гөззал келбети менен бой көрсетип шыға келеди. Балаларда да усыған уқсаслық бар. Олар да мәўрити ме, мәўрити емес пе, өзлериниң балалық қумары – ойынға шығып кете береди. Демек, адамлар нешше айлап көш тартып киятырғанына қарамастан бул жерде ҳақыйқый жәмийетке тийисли болған тәртип-қағыйда өмир сүреди.

Жылдың ҳәр бир мәўсиминиң адамзат турмысында тутатуғын өз орны бар. Олардың ҳақыйқый тәбийий жағдайындағы көриниси менен көркем шынлыққа айланғандағы көриниси бир-бирине жақын. Бәҳәрге тән болған жағымлылық, жазға тән болған өмирдиң де ыссы ҳәўирлери, гүзге тән болған өмирдиң де кексейиўи, қысқа тән болған тәғдирдиң қаталлығы – мине, булардың барлығы көркем шынлықта айрықша хызмет атқарады. Бирақ усы пасыллардың ишинде бәҳәр пасы романларда көбирек сүўретленеди. Бунның тийкарғы мәниси де әйне пасылдың тәбийий өзиншелигине байланыслы.

«Бәҳәр! Жылдың бул мәўсими гүллән нәзикликтиң, жоқары муҳаббеттиң, жаслықтың басы, қуўаныштың сағасы. Сонлықтан ба, «бәҳәр!» дегенде «әҳ!» деп я өкинишли, я қуўанышлы күнин еслеп, жамбасына бир урмайтуғын инсан бар ма дүньяда?» («Маман бий әпсанасы» 147-бет).

Романда бәҳәр паслының айрықша көтериңкилик пенен сүўретленип турғанының да өз алдына себеби бар. Жазыўшының, сондай-ақ романның бас қаҳарманы Маман бийдиң

көзқарасынша 1743-жылдың бәҳәри айрықша келди. Бул бәҳәр адамлардың қәлбинде пүткил қарақалпақ халқының тәғдиринде қайтадан туўылыў паслындай туйғы оятты. Ең баслысы халық бир мақсет жолында бирикти. Олар әсирлер даўамында тәғдирдиң қатал сынақларына дус келе берип шаршап кеткенликтен, енди келешегинен үлкен үмит күткен ҳалда бирикти. Өмири қыс болып келген халық ендиги жағында турмысының бәҳәрге айланатуғынына исенди. «Усындай халық әрманын қағазға түсирип уллы Русь патшасына жоллаған каракалпақ елшилериниң кеўиллери бәҳәр нурларына толып мине, Оренбургқа жетти» (147-бет). Бул үзиндилерде бәҳәр сөзине айрықша итибар қаратылады, оған мазмунды жүклейди.

**ЖУЎМАҚ**. Жуўмақластырып айтқанда, тәбияттың мәўсимлик ўақытты аңлатыўы ҳәр қыйлы сүўретлеў усыллары арқалы жүз береди. Тәбият образында мәўсимниң аты көрсетилмейди, бирақ өсимликлер, ҳайўанатлар, қуслар дүньясының, ҳәр қыйлы мәкан ҳәм кеңисликлерди, аспан, жер, суўдағы өзгерислер (муз, қар, жаўын, қыраў түсиўи, жер үстиниң көгис түске ениўи ҳ.т.б.) сүўретлеў арқалы гәп қайсы мәўсим ҳаққында болып атырғаны түсиниледи. Бул усыл көбирек пикир образлылығына қурылады, рәмзий, аллегориялық мазмунды береди.

Айырым тәбият образында мәўсим аты да берилмейди, оннан анық қайсы мәўсим ҳаққында сөз баратырғаны да анық түсинилмейди. Өйткени, мәўсимди аңлататуғын сүўретлеўлер де (дарақтың бүртик жарыўы, дәрья, көллерде муз қатыўы х.т.б.) қатнаспайды. Бул жерде гәп мәўсимлер аралығы ҳаққында барады. Бунда да жазыўшының тийкарғы мақсети тәбият образының сүўретлениўи емес, ал алдағы болатуғын қандай да бир ўақыяға ишара сыпатында сүўретленеди. Мәўсим жеке инсанның ямаса халықтың тәғдирине байланыстырылып сүўретленеди. Егер бәҳәр сүўретленсе инсан өмиринде жаңаланыўдың басланғанын, жаз сүўретленсе адамлар турмысының жақсы, тыныш кешип атырғаны, гүз сүўретленсе инсанның кексейгени, оның өмириндеги ең қызғын демлери артта қалғаны, қыс сүўретленсе инсан тәғдиринде ең қыйын жағдайлардың ушырасып атырғаны есапланады. Ал мәўсимлерди пүткил халық тәғдирине байланыслы сүўретлеў – бул өз алдына усыл. Бундай сүўретлеўди өз шығармасында сол халық ҳаққында пикир айта алатуғын тәжирийбеге, дүнья көзқарасына ийе, абройлы жазыўшылар ғана қоллана алады.

Тәбиятты сүўретлеў арқалы мәўсимлик ўақытты аңлатыў – бул өз алдына сөз етиўди талап ететуғын усыл. Ҳәр бир мәўсимниң атамасы болғанындай, олардың өзине тән өзиншеликлери де бар. Әне, усы мәўсим атамасы анық көрсетилип сүўретленген тәбият көриниси көбирек қаҳарман ямаса персонажлардың психологиялық жағдайына, олардың характериниң ашылыўына тиккелей тәсир жасайды. Биз жоқарыда бундай сүўретлеў усылларының бир қанша формасын көрип өттик. Сондай-ақ мәўсимди аңлатыўшы тәбийий ҳәдийселер менен адамлардың характерин, олардың қыймыл-ҳәрекетлерин усатыўшы сүўретлеўлерди де көрип өттик.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Афанасьев А.Н. Поэтические воззрения славян на природу: М.: 1994, Т.1., 8-с.
2. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, 2002, 175-бет.
3. Богач Д.А. Проблемы понимания образа природы в литературоведческой науке, в журн. Вестник Челябинского государственного университета, 2017 №6 филологические науки, 22-29-бетлер.
4. Фарино Е. Введение в литературоведение/Е.Фарино – СПб., 2004, 639-бет.
5. Рахимджонов Н., Бадиият – бош мезон, Ташкент, Академнашр, 2016, 3-4-бетлер.
6. Сейтов Ш, Ширашылар, Нөкис, Қарақалпақстан, 1986, 48-бет.